

VIL NEW YORK
BIWO JESYON AK BIDJÈ AK MAJISTRA A
BIWO OPERASYON MAJISTRA A
PWOGAM SIBVANSYON COMMUNITY DEVELOPMENT BLOCK GRANT
AVI SOU PWOPZISYON ALOKASYON CDBG POU PLAN KONSOLIDE 2023 A
AVI SOU DISPONIBLITE PWOPZISYON ANE FISKAL 2024 LA
DESKRIPSYON PWOGAM DEVLOPMAN KOMINOTÈ AK BIDJÈ

POU TOUT AJANS, KOMISYON KOMINOTÈ, GWOUP, AK MOUN:

Modifikasyon nan Pwogram Sivansyon Community Development Block a (CD)

Selon Seksyon 91.105(c) nan Règleman Plan Konsolide nan Depatman Lojman ak Devlopman Lojman Iben an (HUD), Vil la pwopoze pwogram ak alokasyon bidjè pou Plan Konsolide 2023 a/ak Karant Nevyèm Ane nan Pwogram Devlopman Kominotè a (CD 49). Yo idantifye pwogram ak alokasyon bidjè yo nan "Pwopozisyon Ane Fiskal Vil la pou 2024 nan Pwogram Devlopman Kominotè." Dokiman sa a genyen Pwopozisyon bidjè pou Ane Fiskal Vil la pou 2024, Revizyon Pwopozisyon bidjè CD pou Ane 49 la (ki pral entegre nan Plan Konsolide pou Ane Kalandriye 2023 a), ak Pwopozisyon CD 50 / bidjè pou Kalandriye 2024 la. Dokiman sa a pa lye ak Sibvansyon Community Development Block la-finansman pou Retablisman de Katastwòf Natirèl.

Apati Jedi 27 Avril 2023, dokiman "Pwopozisyon Pwogram Devlopman Kominotè pou Ane Fiskal Vil la pou 2024 la" pral disponib pou telechaje sou sit entènèt Biwo Operasyon Majistra a nan www1.nyc.gov/site/operations/projects/consolidated-plan.page. Rezime Egzekitif yo pral disponib an Anglè, Espanyòl, Chinwa, Ris, Bengali, Ayisyen, Koreyan, Arab, Urdu, Fransè, ak Polonè.

Tanpri voye tout kòmantè yo pa imèl sou chanjman ki pwopoze yo bay ConPlanNYC@cityhall.nyc.gov avan fèmte biwo nan dat 30 Me 2023 a.

Vil New York: Eric Adams, Majistra
Jacques Jiha, Ph.D., Direktè, Biwo Jesyon ak Bidjè Majistra a

Dat: 26 Avril 2023